
“Komik Strip: Dithuthuk Kanca”
Bu Dewi
Kinan
Djani
Dikta

Djani lungguh ing bangku taman sinambi dungkluk lan nyisih saka kanca liyane.




Aku sedhih, mau aku lagi wae mlebu kelas, ora sengaja aku nibakke gendul wedange Dikta. Aku wis njaluk ngapura, nanging dheweke nuthuk aku nganggo gendul wedange.
Haaah.. Kowe dithuthuk? Wis matur bu guru durung?
Durung, aku wedi mengko Dikta didukani. Mengko dheweke saya nesu karo aku.
Eh..Ora bisa kaya ngono. Kowe wis njaluk ngapura lan apa wae dhasare, Dikta ora oleh waton nuthuk ngono kuwi.




Bocah loro iku age-age menyang ruang guru lan nggoleki Bu Dewi.




Bu Dewi...Djani wau muwun, piyambake badhe matur dhateng Bu Dewi. Pareng nggih bu?


Ya mesti entuk to, Nduk. Ana apa Djani kok nangis?

Pungkasane Djani nyritaake kedadeyan esuk mau marang Bu Dewi.









Bu Dewi ngajak Djani, Kinan, lan Dikta rembugan ing ruang perpustakaan kang luwih sepi.




Dados mekaten bu. Kula mangkel lan nesu amargi gendul menika nembe dipunpundhutaken bapak nalika dinas saking Jakarta. Dikta remen sanget kaliyan gendul menika. Ananging, dumadakan Djani dugi lan nyenggol gendul kula. Kula lajeng nesu lan nuthuk Djani. Nanging sakmenika kula badhe nyuwun ngapunten amargi kula ngertos menawi menika klentu.
Bocah pinter. Ibu sarujuk. Dikta entuk nesu, nanging tumindake Dikta nuthuk Djani kuwi uga kleru. Ayo saiki Dikta njaluk ngapura karo Djani lan diandharake apa sing kok rasakke.
Nggih Bu. Djani, aku njaluk ngapura ya, aku salah wis nuthuk kowe. Aku mau nesu banget amarga kowe nibakkke gendulku.
Iya Dikta. Aku uga njaluk ngapura ya. Aku tenanan ora sengaja. Apa gendule rusak? Aku kudu ngijoli opo kepiye?


Ora usah. Gendule ora rusak kok jebule. Aku mau kaget lan wedi yen gendule rusak. Mulane aku langsung nuthuk kowe. Pisan meneh aku njaluk ngapura ya.
Nah...Dikta dadi sinau, sadurunge nesu coba ambegan dhisik.
Dimatke kanthi tenanan, kepriye kedadene... Dirasakke, lagi tumindak. Kowe entuk nesu lan ngandhani Djani, nanging ora entuk nuthuk. Ya Dikta, ngerti?
Ngertos Bu. Kula nyuwun ngapunten.
Kula ugi nyuwun ngapunten Bu.

Dikta lan Djani salaman lan padha-padha njaluk ngapura, banjur bocah loro kuwi bali menyang kelas.



